



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 3/4/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE \$672 MILYON NAN FINANSMAN POU
RANFÒSE AK AMELYORE SWEN SANTE NAN VIL NEW YORK**

Eta ap investè yon total \$ 1.5 milya pou finanse 162 pwojè nan tout eta

*Pwojè enpòtan yo ap amelyore swen pasyan ak fè etablisman yo vin pi dirab nan
lontèm*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$672.9 milyon dola nan prim pou 73 pwojè ki pral konsiderableman transfòme ak amelyore livrezon swen sante nan Vil New York. Finansman sa se yon pati nan yon angajman \$1.5 milya ke Eta New York te fè pou ede founisè swen sante yo nan tout eta finanse fon kapital enpòtan ak amelyorasyon enfrastrikti, ansanm avèk enkòpore ak plis devlope sistèm sante a.

“Nou gen yon responsabiltè pou kontinye mete fon kapital enpòtan disponib ak amelyorasyon enfrastrikti kap transfòme sistèm swen sante nou an youn ki dirab avèk yon gwo atansyon sou amelyore swen pasyan ak livrezon sèvis enpòtan yo.” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa ap pèmèt yo fè sa tou senpleman e li se yon lòt egzanp sou fason New York ap dirije peyi a nan adapte pou reponn a bezwen swen sante nan 21yèm syèk la.”

Yo te bay prim yo atravè Pwogram Finansman Restriktirasyon Kapital ak Pwogram Sipò Founisè Swen Sante. Gouvènè Cuomo te kreye alafwa toulède objektif Pwogram Rekonpans Refòm Sistèm Livrezon (DSRIP), pou sipòte mekanis prensipal pou investè \$7.3 milya nan ekonomi Medicaid ki lakoz nan demaraj egzansyon ant New York ak gouvènman federal la nan 2014.

Objektif DSRIP gen ladan pou redwi depans swen sante, amelyore sante Nouyòkè yo, redwi admisyon lopital ak vizit nan sal dijans ki ka evite pa 25 pousan nan 2020, ak asiire dirabiltè finansye sekirite pou founisè swen sante yo.

Majorite Lidè Sena John J. Flanagan te deklare, “Investisman enpòtan ke yo te anonse jodia se yon etap ki pi enpòtan nan ede anpil etablisman kòmanse transfòmasyon yo pou yon pi bon modèl swen sante ki pral benefisye tout Nouyòkè yo. Avèk sipò ankou Prezidan Komite Sante Sena Kemp Hannon, kòlèg nou yo nan Sena, ansanm avèk lòt patnè yo nan gouvènman, pral kontinye travay avèk founisè swen sante yo pou ede amelyore kalite swen nan tout kominote yo nan kad tranzisyon sa nan

tout sistèm lan.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, “Aksè a bon jan kalite swen sante se yon gwo priyorite pou Majorite Asanble a, e lopital ak etablisman swen sante yo ki gen pi gwo klasman esansyèlman enpòtan pou kominote yo toupatou. Kòm Kantite Nouyòkè ki gen asirans te ogmante, demann pou bon jan kalite swen te ogmante tou. Finansman sa esansyèlman enpòtan kòm li reprezante yon opòtinite pou etablisman swen sante yo pou pi byen reponn a bezwen eta epi ofri Nouyòkè yo pi bon swen posib.”

Klike [la](#) pou wè yon lis benefisyè yo.

Komisyonè Sante Eta Dr. Howard Zucker te deklare, “Restriktire vas sistèm swen sante New York la egzije chanjman konplè nan strikti etablisman nou yo ansanm avèk nouvo apwòch nan livrezon swen sante. Fon sa yo ap ede nou balanse refòm nan tout sistèm lan avèk konsèvasyon sèvis swen sante ki esansyèl pandan tan chanjman sa.”

Prezidan Dormitory Authority Eta New York ak PDG Gerrard P. Bushell te deklare, “DASNY fyè pou l fè patenarya avèk Depatman Sante Eta New York nan jere sibvansyon sa yo kap sipòte transfòmasyon swen sante nan New York. Yon sistèm swen sante solid apwiye ekonomi gwo eta nou an lè li kenbe New York konpetitif ak ansante.”

Senatè Kemp Hannon, Prezidan Komite Sante Sena, te deklare, “Depatman Sante a merite konpliman pou travay difisil lap fè nan evalye anpil demnan sibvansyon yo ki konplike; fè atribisyon sa yo baze pou konsiderasyon jeyografik ak inisyativ swen sante inovè. Rapidite anons lan enpòtan paske li bay pouvwa lejislatif ak egzekitif la opòtinite pou konnen lòt enstitisyon yo ki merite asistans, oswa benefisyè yo ki bezwen sipò adisyonèl, nan pwochen bidjè a. Game ak divèsite nan prim jodia montre defi, ke entèvenan sante yo ap fè fas pandan yap chèche pou amelyore ak transfòme sistèm swen sante an nan NY.”

Manm Asanble Michael Blake, “Pa gen dout lè nou fè investisman nan enfrastrikti ki nesèsè pou lopital nou yo nan asire ke pasyan yo resevwa pi bon kalite swen sante yo merite. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te travay avèk nou tout pou bay finansman amelyorasyon enfrastrikti kapital sa ki pral gen yon enpak dirèk sou tout kominote nou an.”

Prezidan Asosyasyon Lopital Greater New York, Kenneth E. Raske te deklare, “Prim kapital sa yo ap pèmèt lopital yo transfòme modèl livrezon swen sante yo ak bay swen ki pi bon, pi efikas grasa pwojè ki pral amelyore enfrastrikti, ankouraje sistèm sante entegre, ak elaji kapasite swen prensipal. Mwen remèsye ak aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak sipò san fayit li nan kominote lopital New York.”

Prezidan Asosyasyon Swen sante Eta New York Dennis Whalen te deklare, “Investiman Kapital se kle pou transfòmasyon reyisi sistèm swen sante New York. HANYS remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk Depatman Sante paske yo te sipòte

founisè yo nan eta avèk fon sa yo ki esansyèlman enpòtan pou avanse objektif refòm swen sante a ak ede amelyore enfrastrikti swen sante nou an.”

Prezidan ak PDG Asosyasyon Kominote Swen Sante Eta New York Elizabeth Swain te deklare, “CHCANYS remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk Depatman Sante a pou investisman enpòtan nan sipòte ekspansyon sèvis swen prensipal yo toupatou nan NYS. Sant Sante ki Kalifye Federalman se patnè esansyèl nan efò transfòmasyon eta e nap rete tann pou n kontinye ranfòse kominote a ki baze sou founisè sekirite yo.”

####

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418